



Deklarasyon pou Laprès

POU PIBLIYE IMEDYATMAN

## **Mèkredi, 19/3: Imigran ki Afekte, Lejislatè Eta, Defansè Yo akonpaye Koalisyon MIRA nan 29yèm Jounen Anyèl Imigran nan Palè Eta a**

BOSTON – Imigran ki dirèkteman afekte pa politik danjere ak zenofòb administrasyon Trump la pral jwenn ak Koalisyon Defans Imigran ak Refijye nan Massachusetts (MIRA), lejislatè eta, ak defansè yo pou fè rasanbleman an sipò pou imigran nan 29yèm evènman anyèl Jounen Imigran nan Palè Eta a.

"Nou menm isit nan Massachusetts konnen imigran yo se manm esansyèl nan kominote nou yo, k ap ranfòse ekonomi nou ak anrichi kilti nou", di Elizabeth Sweet, Direktris Egzekitif Koalisyon MIRA a. "Ane sa Jounen Imigran nan Palè Eta a pral montre klèman ke nou pa pè opoze dekrè prezidan an ki danjere ak ranpli ak rayisman. Lè nou travay ansanm, nou ka montre nasyon an ke Massachusetts ap goumen avèk fyète e san fatig pou imigran yo".

Santre sou tèm "Ansanm nan Aksyon yo", Jounen Imigran nan Palè Eta a pral selebre dènye pwogrè lejislatif pou kominote imigran an, epi mete aksan sou etap ke Beacon Hill dwe pran pou pwoteje vwazen imigran yo nan mitan pliziè dekrè anti-imigran administrasyon Trump la. Sa a gen ladan Lwa sou Sekirite Kominote an (SD.1681 ak HD.2580), ki ka vin anpeche lapolis lokal yo fè travay ICE, ak Lwa sou Defans Legal pou Imigran (SD.1127/HD.1954), ki ka ede bay imigran ki an risk depòtasyon reprezantasyon legal.

Evènman an pral gen tou deklarasyon Suyanne Amaral, ke mari li te enjisteman arete pa ICE nan Marlborough nan kòmansman ane sa a, li te anprizone nan Texas, epi raman te kapab kominike ak fanmi li. Byenke li lakay li kounye a, mari li toujou an risk depòtasyon. Istwa Suyanne raple nou poukisa li enpòtan pou n reziste tretman inimen kont imigran yo.

**KISA:** 29yèm Jounen Anyèl Imigran nan Palè Eta a

**KIMOUN:** Maroni Minter, MIRA Coalition Direktè Politik (emcee)

Senatè James Eldridge (D-Acton)

Senatè Liz Miranda (D-Boston)

Senatè Adam Gomez (D-Springfield)

Reprezantan Carlos Gonzalez (D-Springfield) - Third Division Chair

Tri Tran, Rosie's Place Direktis Politik Piblik

Patricia Sobalvarro, Agensia Alpha Direktis Egzekitif

Suyanne Amaral, Oratè Envite

Elizabeth Sweet, MIRA Coalition Direktis Egzekitif

**KILÈ:** Mèkredi, 19 mas a 10 a.m.

**KIKOTE:** Palè Eta Massachusetts, Sal Drapo yo

Pou tout demann medya kontakte: Alex Psilakis | [apsilakis@melwoodglobal.com](mailto:apsilakis@melwoodglobal.com)

